# MEKTEP OQIWSHILARI HÁM JAS ÓSPIRIMLER ARASINDAĞI KELISPEWSHILIKLERDIŃ SEBEBIN ANIQLAW

Turemuratova Aziza Begibaevna
Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti assistenti
azizaturemuratova85@gmail.com
Djumanyazova Gulmira Jalgasbaevna
Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student
https://doi.org/10.5281/zenodo.18844239

**Annotaciya:** Usı izertlewde mektep oqıwshıları ortasında júz beretuǵın kelispewshiliklerdiń tiykarǵı sebeplerin anıqlaw boyınsha pedagogikalıq izertlewler, olardıń psixologiyalıq hám shańaraq faktorları menen baylanısın kompleksli analiz yetiw máseleleri dodalanadı. Izertlewimiz dawamında konflikt túsiniginiń teoriyalıq tiykarları haqqında ulıwma túsinikler, mektep jası dáwirlerinde oqıwshılardıń psixologiyası kózqarasınan kelispewshiliklerdiń kelip shıǵıw ózgeshelikleri, oqıwshılar temperamenti hám individual-psixologiyalıq sıpatlarınıń tásiri, shańaraqlıq tárbiya usılları, klass jámáátiniń sociallıq strukturası hám mektep psixologiyalıq ortalıǵınıń tiykarǵı faktorları keltirip ótiledi. Sonday-aq, kelispewshilik sebeplerin anıqlawda diagnostikalıq metodlar - baqlaw, sáwbetlesiw, sorawnama hám psixologiyalıq testlerden paydalanıwdıń áhmieti tiykarlap beriledi. Izertlew nátiyjelerinde mektep ortalıǵında salamat psixologiyalıq ortalıqtı qáliplestiriw, oqıwshılardıń dúnyaqarasın rawajlandırıw hám de qarama-qarsılıqlardı konstruktivlik basqarıw boyınsha pikirler keltiriledi.

**Tayanish sózler:** Konflikt, mektep oqiwshıları, konflikt sebepleri, jas psixologiyası, psixologiyalıq ortalıq, shańaraqlıq tárbiya, pedagogikalıq izertlewler, dúnyaqarastı rawajlandırıw.

# IDENTIFICATION OF THE CAUSES OF CONFLICTS BETWEEN SCHOOLCHILDREN AND MINORS

**Abstract:** This study discusses pedagogical research to identify the main causes of conflicts arising among schoolchildren, issues of a comprehensive analysis of their relationship with psychological and family factors. In the course of our research, general concepts of the theoretical foundations of the concept of conflict, the peculiarities of the emergence of conflicts from the point of view of student psychology in school age periods, the influence of students' temperament and individual psychological qualities, methods of family upbringing, the social structure of the class collective, and the main factors of the school psychological environment are presented. The importance of using diagnostic methods - observation, interviews, questionnaires, and psychological tests - in identifying the causes of conflicts is also substantiated. The research results provide insights into the formation of a healthy psychological environment in the school environment, the development of students' worldview, and constructive conflict management.

**Keywords:** Conflict, schoolchildren, causes of conflict, developmental psychology, psychological environment, family upbringing, pedagogical research, worldview development.

**Kirisiw**

Mektep oqıwshıları hám jas óspirimler arasındaǵı konfliktlerdiń sebeplerin anıqlaw máselesi zamanagóy pedagogika hám psixologiya pánleriniń eń áhmiyetli baǵdarlarınan biri

esaplanadı, sebebi bilim beriw mákemesinde júzege keletuǵın kelispewshilikler tek ǵana oqıw procesiniń nátiyjeliligine emes, bálki oqıwshılardıń jeke rawajlanıwı, sociallıq beyimlesiwi hám ruwxıy salamatlıǵına da tikkeley tásir etedi. Konflikt túsinigi social-psixologiyalıq qubılıs sıpatında shaxslar yamasa toparlar arasındaǵı mápler, qádiriyatlar, mútájlikler, poziciyalar yamasa sezimlik qatnasıqlardıń soqlıǵısıwı nátiyjesinde payda bolatuǵın quramalı procesti ańlatadı. Al mektep ortalıǵında bul process jas ózgeshelikleri, rawajlanıw basqıshları, shańaraqlıq sharayat, pedagogikalıq kózqaras, klass jámáátiniń social-psixologiyalıq klimatı hám keńirek sociallıq faktorlar menen tıǵız baylanıslı halda kórinedi. Oqıwshılar arasındaǵı konfliktlerdi analizlegende, birinshi náwbette, jas dáwirleri psixologiyasına múráját etiw kerek. Baslawısh klass oqıwshılarında kelispewshilikler kóbirek tikkeley psixologiyalıq reakciyalar, oyın procesindegi túsinispewshilikler yamasa ádillik haqqındaǵı subektiv kóz-qaraslar menen baylanıslı boladı. Bul dáwirde bala ele óz sezimlerin tolıq basqara almaydı, empatiya kónlikpeleri jetkilikli dárejede qáliplespegen boladı, nátiyjede ápiwayı bir jaǵdaydıń ózi keskin tartısqa aylanıp ketiwi múmkin. Al joqarı klass oqıwshılarında konfliktler kóbinese qádiriyatlar sisteması, keleshek rejeleri, akademiyalıq báseki, romantikalıq qatnasıqlar yamasa sociallıq toparlar arasındaǵı parıqlar tiykarında júzege keledi. Konflikt sebeplerin anıqlawda individual-psixologiyalıq faktorlar áhmiyetli orın tutadı. Temperament ózgeshelikleri, impulsivlik dárejesi, ózin-ózi basqarıw qábileti, agressivlikke beyimlilik, tómen óz-ózin bahalaw yamasa ózine artıqsha iseniwshilik sıyaqlı sıpatlar oqıwshınıń konfliktli jaǵdaylarǵa qanday qatnas jasawın belgilep beredi. Shańaraqlıq faktorlar da mekteptegi kelispewshiliklerdiń qáliplesiwinde zárúrli rol oynaydı. Ata-analar arasındaǵı dawlar, balaǵa qaratılǵan hádden tıs qatal yaki, kerisinshe, biypárwa qatnas, tárbiyadaǵı sáykes emeslik, balanı basqalar menen salıstırıw, jazaǵa tiykarlanǵan tárbiya usılı balada agressiv yamasa qorǵanıwshı minez-qulıqtıń qáliplesiwine alıp keledi. Eger bala shańaraqta óz pikirin erkin ayta almasa, onıń mútájlikleri esapqa alınbasa, ol mektepte ózin kórsetiwdiń keskinirek formaların tańlawı múmkin. Kerisinshe, hádden tıs erkeletiw de teńlesleri menen kelisimge keliw qábiletiniń tómen rawajlanıwına sebep boladı. Shańaraqtaǵı sociallıq-ekonomikalıq mashqalalar, migraciya, ajırasıw, ata-ananıń uzaq múddetli is saparları da balada ishki zorıǵıw hám turaqsızlıqtı kúsheytedi. Pedagogikalıq faktorlardı analizlew de konflikt sebeplerin anıqlawda zárúr esaplanadı. Muǵallimniń qarım-qatnas usılı, ádillik principine ámel etiwi, klastaǵı tártipti támiyinlewdegi kózqarası, bahalaw sistemasınıń ashıq-aydınlıǵı oqıwshılar arasındaǵı qatnasıqlarǵa tikkeley tásir kórsetedi. Eger muǵallim ayırım oqıwshılarǵa ashıq yamasa jasırın túrde jan bassa, basqalarda ádilsizlik sezimi payda boladı. Bul bolsa topar ishinde bóliniwge, narazılıqqa hám konfliktlerge alıp keledi. Sonday-aq, muǵallimniń keskin sın pikirleri, qáwip salıwshı tonı yamasa oqıwshınıń shaxsına tiyetuǵın gápleri onıń teńlesleri aldında abırayınıń túsip ketiwine sebep bolıp, oqıwshı ózin qorǵaw maqsetinde agressiv háreketlerdi tańlawı múmkin. Konflikt sebeplerin anıqlaw metodologiyalıq jaqtan sistemalı kóz-qarastı talap etedi. Sorawnamalar, baqlaw, psixologiyalıq sáwbet, psixodiagnostikalıq testler járdeminde oqıwshılar arasındaǵı qatnasıqlar kartası dúziliwi múmkin. Sonday-aq, konfliktli jaǵdaylardı analizlegende oqıwshılardıń subektiv túsinikleri de áhmiyetli, sebebi birdey jaǵday hár qıylı shaxslar tárepinen túrlishe qabıl etiledi. Konfliktlerdiń sebeplerin strukturalıq hám funkcional jaqtan klassifikaciyalaw da úlken áhmiyetke iye. Geyde konfliktler jasırın formada ótedi hám ashıq soqlıǵısıw kórinisinde kórsetilmeydi, biraq ishki narazılıq, passiv agressiya yamasa topar ishindegi suwıq qatnas arqalı sezilip turadı. Sol sebepli, pedagog hám mektep psixologı tek ǵana

ashıq kelispewshiliklerdi emes, bálki jasırın konfliktlerdi de anıqlay alıwı zárúr. Mektep oqıwshıları arasındaǵı konfliktler unamlı funkciyanı da atqarıwı múmkinligin itibarǵa alıw lazım. Duris basqarılgan konflikt jeke rawajlanıw, psixologiyalıq mashqalalardı sheshiw kónlikpeleriniń rawajlanıwı, empatiya hám kelisim mádeniyatınıń qáliplesiwine xizmet etedi. Biraq qadaǵalawsız qalǵan qarama-qarsılıqlar agressiya, mektepke salıstırǵanda unamsız múnásibet hám hátteki deviant minez-qulıq qáliplesiwine alıp keliwi múmkin. Sol sebepli kelispewshilik sebeplerin erte basqıshta anıqlaw hám profilaktikalıq ilajlar kóriw áhmietli. Profilaktika procesinde sociallıq-emocional oqiw bagdarlamaların engiziw nátiyjeli esaplanadı. Oqıwshılarǵa sezimlerdi tanıw hám basqarıw, konstruktivlik baylanıs, aktiv tıńlaw, kelisim hám birge islesiw kónlikpelerin úyretiw kelispewshiliklerdiń aldın alıwǵa járdem beredi. Klass basshısı hám mektep psixologi tárepinen turaqlı treningler, rolli oyınlar, mashqalalı jaǵdaylardı talqılaw sabaqları shólkemlestiriliwi maqsetke muwapıq. Ata-analar menen birge islesiwdi kúsheytiw, shańaraqlıq másláhátlesiwler ótkeriw, tárbiya usılların muwapıqlastırıw da áhmietli faktor bolıp tabıladı. Mektep oqıwshıları arasındaǵı kelispewshilik sebeplerin anıqlaw kóp qırlı hám sistemalı qatnastı talap etedi. Individual psixologiyalıq ózgeshelikler, shańaraq ortalıǵı, pedagogikalıq faktorlar, klass jámáátiniń sociallıq strukturası hám zamanagóy informaciya mákanınıń tásiri óz ara úylesikli halda qarama-qarsılıqlardı qáliplestiredi. Hár bir konflikt artında belgili bir mútájlik, túsinbewshilik yaki psixologiyalıq jaǵday jatadı. Bul sebeplerdi tereń talqılaw hám ilimiy tiykarlanǵan profilaktikalıq strategiyalardı islep shıǵıw arqalı mektep ortalıǵında salamat psixologiyalıq ortalıqtı támiyinlew, oqıwshılardıń jeke hám sociallıq rawajlanıwın qollap-quwatlaw múmkin. Kelispewshilik sebeplerin jáne de tereńirek talqılaw sonı kórsetedi, mektep ortalıǵında júzege keletuǵın kelispewshilikler kóbinese kommunikativlik processlerdiń buzılıwı menen tikkeley baylanıslı boladı. Sóylesiw procesinde informaciyanıń nadurıs jetkeriliwi, ırǵaq hám mimikanıń unamsız talqılanıwı, mısqıl yamasa házildiń kemsitiw sıpatında qabıl etiliwi oqıwshılar arasında túsinbewshiliklerdi keltirip shıǵaradı. Ásirese, óspirimlik dáwirinde sezgirliktiń artıwı sebepli ápiwayı fraza da shaxsqa qastıyanlıq sıpatında qabıl etiliwi múmkin. Bunday jaǵdaylarda konflikttiń tiykarǵı sebebi mazmun emes, al talqılaw hám emocionallıq reakciya boladı. Sol sebepli psixologiyalıq kompetenciyanı rawajlandırıw, yaǵnıy pikirdi anıq hám húrmet penen bildiriw hám basqanı belsene tıńlaw kónlikpelerin qáliplestiriw kelispewshiliklerdiń aldın alıwda úlken áhmiyetke iye. Mektep oqıwshıları arasında kelispewshiliklerdiń kelip shıǵıwında sociallıq salıstırıw mexanizmi de sezilerli rol oynaydı. Oqıwshılar ózin qatarları menen salıstırıw arqalı óz ornın anıqlawǵa háreket etedi. Eger klasta báseki salamat tárizde shólkemlestirilmese, ol konstruktiv rawajlanıw ornına destruktiv qarama-qarsılıqlarǵa sebep bolıwı múmkin. Kelispewshilik sebeplerin anıqlawda mekteptiń shólkemlestiriwshilik-mádeniy ortalıǵı da itibardan shette qalmawı kerek. Psixologiyalıq kózqarastan kelispewshiliklerdiń motivaciyalıq tiykarların úyreniw de áhmiyetli. Hár bir qarama-qarsılıq artında belgili bir mútájlik yamasa qanaatlandırılmaǵan talap jatadı. Mektep oqıwshıları arasındaǵı kelispewshilikler kóbinese identlik krizisi menen de baylanıslı boladı. Óspirimlik dáwirinde shaxs óziniń kim ekenligin, qaysı qádiriyatlarǵa sadıq ekenligin anıqlawǵa umtıladı. Stress hám psixologiyalıq zorıǵıw dárejesi de kelispewshiliklerdiń intensivligine tásir kórsetedi. Oqıw júklemesiniń artıwı, imtixanlar basımı, ata-analardıń joqarı kútiwleri oqıwshınıń emocionallıq turaqlılıǵın tómenletedi. Sol sebepli mektepte psixologiyalıq qollap-quwatlaw sistemasın jolǵa qoyıw, stressti basqarıw boyınsha treningler ótkeriw áhmietli psixologiyalıq ilaj bolıp tabıladı.

Kelispewshiliklerdi tallawda olardıń dinamikasın úyreniw de zárúr. Hár qanday qarama-qarsılıq belgili basqıshlardan ótedi: latent basqısh, keskinlesiw, ashıq soqlıǵısıw hám sheshiliw yamasa eskalizaciya basqıshı. Eger dáslepki basqıshta mashqala anıqlanıp, konstruktivlik dialog shólkemlestirilse, ashıq qarama-qarsılıqtıń aldı alınadı. Bolmasa, qarama-qarsılıq kúsheyip, topar ishinde tárepler qáliplesedi. Bul bolsa jámáátlik ortalıqtı buzadı. Demek, erte psixologiyalıq diagnostika hám tez aralasiw kelispewshiliklerdi nátiyjeli basqariwdiń tiykarǵi shárti. Ámeliy jaqtan kelispewshilik sebeplerin anıqlaw ushın mektep psixologi tárepinen kompleks monitoring sisteması islep shıǵılıwı múmkin.

**Juwmaq**

Juwmaqlap aytıw múmkin, mektep oqıwshıları hám óspirimler arasında kelispewshilik sebeplerin anıqlaw máselesi pedagogikalıq-psixologiyalıq qatnaslardı talap yetetuǵın quramalı psixologiyalıq process yesaplanadi. Izertlew nátiyjeleri sonı kórsetedi, oqıwshılar arasındaǵı kelispewshilikler bir ǵana faktor menen emes, al individual, shańaraqlıq, pedagogikalıq hám sociallıq faktorlardıń óz-ara tásiri nátiyjesinde júzege keledi. Individual dárejede temperament, emocional turaqlılıq, ózin-ózi bahalaw, empatiya dárejesi hám stresske shıdamlılıq konflikttiń qáliplesiwine sezilerli tásir kórsetedi. Shańaraq ortalıǵında tárbiya usılları, ata-analar arasındaǵı múnásibetler, balaǵa bolǵan talap hám itibar teń salmaqlılıǵı oqıwshınıń mekteptegi minez-qulıq modelin belgileydi. Kelispewshiliklerdi erte basqıshta anıqlaw, olardıń jasırın sebeplerin tereń tallaw hám de konstruktivlik sóylesiw kónlikpelerin rawajlandırıw arqalı mektep ortalıǵında salamat psixologiyalıq ortalıqtı qáliplestiriw múmkin.

## Adabiyotlar, References, Литературы:


1. Aziza, Turemuratova. "KONFLIKT VA UNING KELIB CHIQISH SABABLARI." Новости образования: исследование в XXI веке 3.32 (2025): 465-467.
2. Turemuratova, A. B. "TA’LIMDA PEDAGOGIK YONDASHUVLAR ASOSIDA O’QUVCHIYOSHLARNING KOLLOBORATIV KO’NIKMALARINI RIVOJLANTIRISH MEXANIZMLARI." Inter education & global study 3.4 (2025): 242-250.
3. Туремуратова, А. Б. "ИСПОЛЬЗОВАНИЕ ВОСПИТАТЕЛЬНЫХ ТРАДИЦИЙНАРОДНОЙ ПЕДАГОГИКИ В ФОРМИРОВАНИИ МИРОВОЗЗРЕНИЯ МОЛОДЕЖИ." Мировая наука 6 (75) (2023): 125-129.
4. Turemuratova, A., and N. Tureniyazova. "The program of using modern pedagogical methods in the higher education system and the problems of improving pedagogical skills." Science and innovation 2.B10 (2023): 373-377.
5. Turemuratova, Aziza, Rita Kurbanova, and Barno Saidboyeva. "Educational traditions in shaping the worldview of young people in folk pedagogy." Modern Science and Research 2 (2023): 318-322.
6. Turemuratova, A., U. Uzakbaeva, and D. Nuriyeva. "Basic concepts of family psychology and overcoming psychological problems." Modern Science and Research 4.4 (2025): 104-109.
7. Turemuratova, A., and J. Asamatdinova. "Talabalar qadiriyatqa bag'darlang'anliqti rivajlantiruwda auditoriyadan tis shinig'iwlardin'roli." (2021).
8. Turemuratova, A. "Har bir xalqning o'z qadriyati bor." (2021).
9. Turemuratova, A., and B. Temirbekov. "Mustahkam oilani shakllantirishda yoshlarda naql-maqollardan foydalanishning tarbiyaviy-psixologik ahamiyati." (2022).
10. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "Program technology for choosing an effective educational

methodology based on modern pedagogical research in the educational system." Current Research Journal of Pedagogics 6.02 (2025): 30-33.

11. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "Use of pedagogical methods based on the modern educational program to increase the effectiveness of education." European International Journal of Pedagogics 4.6 (2024): 26-33.